

Fè tande Vwa Ou

Patisipe nan ankèt **Mass ECHOS** la

Repons ou gen enpòtans.

Repons ou yo ap ede nou aprann plis sou finans nan fwaye nan Massachusetts.



Bank Rezèv Federal Boston ansanm ak The Boston Foundation ak patnè yo ap dirije etid sa a pou konprann kondisyon ekonomik fwaye yo nan tout Massachusetts. Y ap itilize rezilta yo pou ede devlope estrateji pou gen plis opòtinite ekonomik.

Ankèt la ap baze sou finans fanmi yo, sa ki gen ladann byen (tankou kay) ak dèt, tankou prè etidyan. Yo p ap mande w nimewo kont oswa kote lajan ou ye epi tout repons yo ap rete konfidansyèl. Patisipasyon ou ap bay enfòmasyon sou kijan moun ap viv nan Massachusetts. Konpayi k ap fè ankèt la ap bay yon **kat kado \$50** pou patisipan yo kòm yon remèsiman.

**Èske ou te resevwa envitasyon
ki te gen logo Mass ECHOS la?
Si w te resevwa li, suiv twa etap
sa yo pou patisipe nan ankèt la:**



**Pran ankèt la sou entènèt,
oswa sou papyè si ou pito sa**



Voye repons ou yo ale



**Tcheke kat kado Visa \$50
konpayi k ap fè ankèt la ap
voye atravè lapòs la**

**Se pa tout moun k ap resevwa ankèt la.
Li enpòtan pou verifye anvlòp nan bwat postal ou a.**



Mass-ECHOS

Massachusetts Economic Conditions
& Household Opportunity Survey



Federal Reserve
Bank of Boston®